УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№85 (14142)

Черкес хэку

2026 гъэ, щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 19, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

«Прямой эфир»

Зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ



Къэрэшей-Черкесым и лIыщхьэ Темрезов Рэшид «Карачаево-Черкесия «Россия1» телеканалым эфир занщIэм тету цIыхухэм япсэлъащ. Эфирыр къатащ «Россия 24», «Архъыз 24», «Радио России» телерадионэтынхэм, хэгъуэгум и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я «ВКонтакте» напэкIуэцIхэм.

УпщIэхэр нэхъыщхьэу теухуат СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ зэрызыщIагъакъуэм, социальнэ IэнатIэм, гъуэгухэмрэ псэупIэ-коммунальнэ бэзхэмрэ зэрызэрагъэпэщыжым, жылагъуэ транспортым и лэжьэкIэм, цIыхухэр нэхъыбэу здызэхуэс щIыпIэхэр зэIузэпэщ зэращIым.

Нэмыщ1у, Темрезов Рэшид жэуап яритащ щIыуэпс гъуэзыр яIэрыхьэным, ТКОпубликэм щыпсэухэр зыгъэпIейтей, зыгъэгумэщI упщIэхэу къатхэм сыт щыгъуи набдзэгубдзаплъэу зэрыхэплъэр. Япэ игъэщыпхъэу къалъытэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ зауэ операцэ хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ гулъытэ яхуэщIыныр, демографием зыщIэгъэкъуэныр, лъэпкъ проектхэр, федеральнэ, хэгъуэгу программэхэр гъэзэщIэныр. Абы къыхигъэщащ ипэ илъэсхэм екIуэкIа эфир занщIэхэм къыщаIэта Iуэхугъуэ псоми теухуауэ унафэ пыухыкIахэр зэрищIар, ахэр зи нэIэм щIэт Министерствэхэмрэ муниципалитетхэмрэ я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщар. Апщыгъуэми, хэгъуэгум и унафэщIым сыт щыгъуи и лэжьэгъухэм гу лъарегъатэ лъэIухэмрэ зыхуэгъэзэныгъэхэмрэ зэрызэфIэкIамкIэ цIыхухэр арэзы хъуамэ ягъэбелджылын зэрыхуейм.

Япэ видеоупщIэр къыбгъэдэкIащ «Алашара» зэгухьэныгъэм и волонтёр гупым и унафэщI КIыщмахуэ Алия. Ар лъэIуащ республикэм и унафэщIым Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсымрэ Къэрэшей-Черкесым псэкупсэ, щэнхабзэ щIэинхэм я Илъэсымрэ япкъ иту ди щIыналъэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэм уасэ иритыну. ИкIи елъэIуащ гъэ къакIуэ мы унэтIыныгъэм теухуа лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIынум и гугъу ищIыну.

Темрезов Рэшид къыхигъэщащ Урысейр нобэ зэи къэмыхъууэ хамэ къэралхэм къызэрытракъузэм зэрыхэпсэукIыр.

«Ди Президентым, ди Лъэпкъ пашэм дызэрыкъуэтыр, ди зэхуэдэ лъэпкъ мурадхэр ди къэралым и къарумрэ и хуитыныгъэмрэ я лъабжьэ нэхъыщхьэщ. Путин Владимир Владимирович мызэ-мытIэу къыхигъэщащ цIыхухэр зэрызэкъуэтым къэралым и къэкIуэнур зэриубзыхур икIи лъэпкъхэм я бзэхэр, я щэнхабзэхэр хъумэныр къэралым и Iуэху иныр зыхъума, цIыху щыпкъэ куэд зыпIа къуажэдэсхэм я щылъхухэм я хьэщIэгъэфIэкIэр, я шыфэлIыфэр зыхуэдэр.

Махуэщ1ыр пщэдджыжьым жьыуэ ягъэлъэпIэн ирагъэжьащ Амирокъуэ Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ гимназием и пщIантIэм дэт, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ мывэм и лъабжьэм удз гъэгъахэр щыгъэтIылъынымкIэ. А Iуэхум хэтащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Щынахъуэ Кърым, КъЧР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Арчэл Динэ, Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Iэмин, Хьэбэз районым и Iэтащхьэм и къуэдзэхэу Унэжь Олег, Унэж Рэмэзан, Куэш-Хьэблэ къуажэм и Iэтащхьэ Къантемыр Алибек, гимназием и унафэщI Сэкий Уэзир, СВО-м хэт Аргун Ченгиз, къуажэдэс нэхъыжьыфIхэу Борэныкъуэ Олегрэ Мэрчан Угъурлырэ.

— Дяпэ ита нэхъыжьыфIхэм ди къуажэр фIым хуагъаплъэу, хуаунэтIу, ирагъэфIакIуэу щыщыта зэманым лэжьыгъэу къекIуекIам и курыкупсэм сэри сыхэтащ. Илъэс плIыщIрэ тхурэкIэ пщэфIапIэм сызэрыщIэтам къыдэкIуэу, губгъуэм гугъу зыщезыгъэхьа лIыфI-фызыфIхэми сакъыдэгъуэгурыкIуащ.

3,4

Куэш-Хьэблэ и илъэси 100 махуэщIым къикIыу

Куэш-Хьэблэр къуажэу дунейпсо картэм къызэрыщыунэхурэ мы гъэм илъэси 100 зэрырикъуар гъэлъэпIэным ещIылIауэ ди республикэм къыщаIэта махуэщIыр зылъэгъуахэм, шэч хэмылъу, ар ягу къинэжынущ къуэшыгъэкIэ, ныбжьэгъугъэкIэ, благъагъэкIэ, цIыхугъэрэ адыгагъэрэкIэ узэзыпх къэхъугъэу щытауэ!

ЕфIакIуэ, берычэт хьэблэ!



ЛIыщIыгъуэ ныбжь къызэпызыча мы адыгэ къуажэ берычэтым дэсхэр бжыхьэр къыщысынум темыпыIэжу ежьэт. Ахэр хуейт хэгъуэгу мыхьэнэ зиIэ гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкIыну икIи, дэ къызэрытщыхъумкIэ, я мураду хъуар зрагъэхъулIащ къыкIэлъыплъхэм зы гукъани къыхуамыщIу, я Iуэху ублэкIэмкIэ щапхъэфI яхуэхъуу.

Куэшхьэблэдэсхэр я юбилей дахэр щагъэлъэпIэну махуэм — щэкIуэгъуэм и 14-м пежьащ хэIэтыкIауэ, екIуу, жыпIэнурамэ, абыхэм ягъэхьэзыра дауэдапщэхэмкIэ щIыпIэ зэхуэмыдэхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэмрэ хьэщIэ лъапIэхэмрэ нэрылъагъу хуащIащ адыгэм и щэнхабзэ бейр, и тхыдэ иныр зыхъума, цIыху щыпкъэ куэд зыпIа къуажэдэсхэм я щылъхухэм я хьэщIэгъэфIэкIэр, я шыфэлIыфэр зыхуэдэр.

Махуэщ1ыр пщэдджыжьым жьыуэ ягъэлъэпIэн ирагъэжьащ Амирокъуэ Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ гимназием и пщIантIэм дэт, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ мывэм и лъабжьэм удз гъэгъахэр щыгъэтIылъынымкIэ. А Iуэхум хэтащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Щынахъуэ Кърым, КъЧР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Арчэл Динэ, Хьэбэз район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Iэмин, Хьэбэз районым и Iэтащхьэм и къуэдзэхэу Унэжь Олег, Унэж Рэмэзан, Куэш-Хьэблэ къуажэм и Iэтащхьэ Къантемыр Алибек, гимназием и унафэщI Сэкий Уэзир, СВО-м хэт Аргун Ченгиз, къуажэдэс нэхъыжьыфIхэу Борэныкъуэ Олегрэ Мэрчан Угъурлырэ.

— Дяпэ ита нэхъыжьыфIхэм ди къуажэр фIым хуагъаплъэу, хуаунэтIу, ирагъэфIакIуэу щыщыта зэманым лэжьыгъэу къекIуекIам и курыкупсэм сэри сыхэтащ. Илъэс плIыщIрэ тхурэкIэ пщэфIапIэм сызэрыщIэтам къыдэкIуэу, губгъуэм гугъу зыщезыгъэхьа лIыфI-фызыфIхэми сакъыдэгъуэгурыкIуащ.

2

Юбилей

Дифl догъэлъапIэ

ЛъэпкъылI нэсщ Есчындар Мухьэдин

АДЫГЭМ и цIэр Урысейми, хамэ къэралхэми ину щызыIэтхэм, ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыин еджагъэшхуэхэм, дунейпсо цIэрыIуагъ зыбгъэдэлъ щIэныгъэлI щэджащэхэм ящыщщ иджы дыдэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир «За доблестный труд» орденыр зыхуигъэфэща, УФ-м и Правительствэм и нэIэ щIэт Финанс университетым и президент икIи и щIэныгъэ унафэщI ЕСЧЫНДАР Мухьэдин Абдурэхьмэн и къуэр. Ди лъэпкъ уардэм зи щIэныгъэкIэ къыхэлыдыкIа цIыху щэджащэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 15-м илъэс 75-рэ зэрырикъуар игъэлъэпIащ.



Урысейм и лIыщхьэм и Iэпэр зыщIэлъ унафэм мыпхуэдэу щытхащ: *«IэщIагъэ Iэпщ1элъапщIагъ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI нэхъусахэр гъэхьэзырыным, и щIэныгъэ-педагогическэ гуащIэм, и псэемыблэж илъэс куэд лэжьыгъэм»* папщIэ.

Шэчыншэу, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, егъэджэныгъэмкIэ Урысейпсо Академием и академик, Урысей Федерацэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я Iуэхузехьэ Есчындар Мухьэдин балигъыпIэм зэриувэрэ къызэринэкIа гуащIэ иныр зыхуигъэтIылъыр щIэныгъэ-егъэджэныгъэращ. Илъэс 50 хъуащи Мухьэдин и гъащIэр епхащ ди къэралым ит ищхьэ еджапIэфI дыдэу ялъытэм — Москва Финанс университетым. Абы и студенту къыщыщIидзэри, егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэ лъэрыхьым и ректор IэнатIэм нихусын лъэкIащ, ноби абы и президентщ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ лъагэр адыгэ лъэпкъым и гушхуапIэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

Зи щIэныгъэр IэщIагъэ къыхихам хуэзунэтIу, зи гуащIэ узыншэкIэ лIыщIыгъуэ ныкъуэ хъуауэ къэралым хуэлажьэ Мухьэдин 1951 гъэм къыщыхъуащ Къэрэшей-Черкесым щыщ Беслъэней къуажэ-лIыхъужьым, Есчындар Абдурэхьмэн и унагъуэм.

Игу къызэригъэкIыжымкIэ, зэрыцIыкIу лъандэрэ гуащIэдэкI лэжьыгъэм пыщIауэ къэтэджащ. Е 7-нэ классыр къиуха къудейт, комбайнерым и дэIэпыкъуэгъуу губгъуэм щихьам. «*Си гъащIэм и гукъэкIыж нэхъ IэфIхэм ящыщщ къуажэ губгъуэр. Пщэдджыжьым жьыуэ укъэтэджу, гуэдзымрэ сабэмрэ къыпкIэрыпщIэжауэ улэжьэным нэхъ гурыфIыгъуэ тлъагъутэкъым апщыгъуэм*», — игу къегъэкIыж Мухьэдин.

И псалъэхэм фэрыщIыгъэ зэрыхэмылъыр наIуэ пщещI зы щыхьэтлыкъым: Москва дэт Финанс институтым (иджы университетым) щIыхьэри, илъэс фIэкIа емыджауэ, экзаменхэм я пIалъэр къынэмысами, лъаIуэщ, ахэр нэхъ щIэх къызэринэкIри, къуажэм къэкIуэжат, комбайным тесу лэжьэным хуэпабгъэу...

Мухьэдин щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным ерыщу зритри, къэралым и еджапIэ нэхъ цIэрыIуэхэм, аспирантурэхэм IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъ щызригъэгъуэтын лъэкIащ. А псоми лъабжьэ яхуэхъуар еджэныгъэм, тхылъхэм зэрыщIыкIум щегъэжьауэ яхуиIэ фIылъагъуныгъэ инращ.

«Тхылъхэращ сэ лъабжьэ схуэхъуар. Си насыпышхуэу солъытэ си бынхэми тхылъым хузиIэ фIылъагъуныгъэр зэрахуэкIуар», — къыхегъэщ Мухьэдин.

И тхылъхэм я нэхъыбэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, щIэныгъэращ зэхьэлIар. Арами, иджыр къыздэсым и гуапэщ художественнэ, философием ехьэлIа тхыгъэхэри.

1976 гъэм Мухьэдин къеух Москва дэт Финанс институтым и кредит-экономикэ къудамэр, «экономист» IэщIагъэр иIэу. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм мы институт дыдэм и аспирантурэми щIэныгъэм щыпещэ.

1981 гъэм къыщыщIэдзауэ абы IэнатIэ зыбжанэ зэрехъуэкI: институтым и кафедрэм и ассистенту, финанс-экономикэ къудамэм и деканым и къуэдзэу, егъэджакIуэ нэхъыжьу, кадрхэмкIэ къудамэм и унафэщIу, «Факультет международных экономических отношений» къудамэм и декану...

2

Урысейм къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ къулыкъум и Махуэр Къэрэшей-Черкес Республикэми щагъэлъэпIащ.

КъЧР-м и МВД-м и хэщIапIэм а махуэщIым и щIыхькIэ щекIуэкIа дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, КъЧР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыжь Мэкъуауэ Тимур, КъЧР-м и Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ Суюнчев Мурат, Урысейм и ФСБ Управленэу КъЧР-м щыIэм и унафэщI, генерал-майор Потасов Павел, нэгъуэщIхэри.

МахуэщIыр зейхэм хъуэхъукIэ захуигъэзащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм:

— Республикэм жылагъуэ хабзэр къыщызэгъэпэщынымкIэ, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ КъЧР-м щыIэ къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ Министерствэм и къудамэу хъуам лэжьыгъэ гугъу ирагъэкIуэкI. Полицэм и лэжьакIуэхэм нобэ Урысейм и хэгъуэгущIэхэми я къулыкъур щрахьэкI.

Абыхэм я лэжьыгъэр нэIурыт щымыхъу щыIэщ, ауэ я IэщIагъэ зэхэщIыкIымрэ нэгъуэщI хабзэхъумэ къулыкъухэм, шынагъуэншагъэм епха къулыкъухэм, къэрал, муниципальнэ властым фIагъ хэлъу зэрыдэлажьэм я фIыгъэкIэ, республикэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэща мэхъу, жылагъуэ-бэдаущ зэпIэзэрытыныгъэр зэтраIыгъэ», — къыхигъэщащ республикэм и лIыщхьэм.

Махуэщ1ым ипкъ иту, хабзэмрэ щытыкIэ тыншымрэ хъумэнымкIэ ябгъэдэлъ фIыщIэм, я лэжьыгъэм деж щагъуэта ехъулIэныгъэ лъагэхэм къыпэкIуэу, УФ-м и Президент Путин Владимир и Унафэм ипкъ иту, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид «За отличие в охране общественного порядка» медалыр иритащ МВД къулыкъум дознаниер къызэгъэпэщынымкIэ и къудамэм и унафэщI Лайпановэ Фатимэ.

КъинэмыщIауэ, зи къалэнхэр нэгъэсауэ зэрагъэзащIэмкIэ къахэща полицэм и лэжьакIуэхэр щIыхьыцIэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэкIэ къыхигъэщащ.

Полицэм и лэжьакIуэхэмрэ и ветеранхэмрэ яхъуэхъуащ КъЧР-м къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и министр, генерал-майор Нефедов Владимир.

— Зауэ операцэ хэхар щекIуэкI мы зэманым дызыIуигъэщIа щытыкIэхэмрэ шынагъуэхэмрэ Iуэхум къыхэплъытэмэ, хабзэр хъумэнымкIэ, щытыкIэ зэпIэзэрытыр къызэгъэпэщынымкIэ ди IэщIагъэ зэхэщIыкIым зэпымыууэ хэдгъэхъуэну къытхуоув. Апщыгъуэми лэжьыгъэфIым и лъабжьэ мэхъу шыIэныгъэмрэ цIыхум дэIэпыкъуэгъу уахуэхъуфынымрэ. Псом хуэмыдэу жэуаплыгъэ пщтэфу щытыным мыхьэнэ иIэщ. Апхуэдэ хьэл-щэнкIэ, щытыкIэкIэ къахощ Урысейм къулыкъу хуэщIыным, абы и лъэпкъыбэ жылагъуэр, Хабзэр хъумэным зи гъащIэр тезыухуахэр, — жиIащ КъЧР-м и МВД-м и унафэщIым.

Iэщ1агъэ махуэщIым къикIыу

Хабзэм мэIуху хуэхъухэр



Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, хуитыныгъэр хъумэным псэемыблэжу хуэлажьэ МВД-м и лэжьакIуэ куэдым я цIэр а махуэм нагъыщэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыхагъэщащ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

«Время героев»



ПIалъэщIэ къызэIуех

Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, «Время героев» программэм и ещанэ Iыхьэм хэтынухэр къыхэхын щIадзащ.

Ещанэ Iыхьэм щIэуэ къыхалъхьа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ищхьэ щIэныгъэ зимыIэ, СВО-м хэта зауэлIхэмрэ ветеранхэмрэ абы хэтыну Iэмал зэрагъуэтар.

«Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэу къызолъытэ. ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зауэм хэта ди щIалэ куэдым ищхьэ щIэныгъэ зэрагъуэтамкIэ тхылъ зэрамыIэм къыхэкIыу, программэм хыхьэну яхуэзэфIэкIтэкъым. Иджы апхуэдэ пэрыуэныгъэр щхьэщахащ: лъэIу тхылъ ятыфынущ курыт щIэныгъэ зиIэхэм, курыт IэщIагъэм хуеджахэм е ищхьэ щIэныгъэр нэзмыгъэсахэм.

Япэ илъэсрэ ныкъуэм хэтынухэм Президент академием къащы-поплъэ теорие и лъэныкъуэкIэ жыджэру гъэхьэзырыныр. Абы иужькIэ — очнэ-заочнэ егъэджэныгъэ щIыкIэщ.

Программэм и официальнэ сайтым https://времягероев.рф/ лъэIу тхылъхэр къыщащтэнущ 2026 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м щегъэжьауэ 2027 гъэм щIышылэм и 25-м пщIондэ.

Къэрэшей-Черкесым мы хэгъуэгу проектым — «Къэрэшей-Черкесым и лIыхъужьхэр» программэр гъэзэщIэным хыхьэу, зауэ операцэ хэхам хэтахэм къэрал, муниципальнэ Управленэм ехьэлIауэ я IэщIагъэм хагъэхъуащ, республикэм и властымрэ организацэ пашэхэмрэ я унэтIакIуэхэм я нэIэм щIэту стажировкэ ящIащ, иджы къэрал Управленэм, предприятэхэм, хэкупсэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм жэуаплыгъэ ин зыпылъ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щолажьэ.

Ар щыхьэт тохъуэ ди хъумакIуэхэм я IэщIагъэм хуаIэ зэфIэкIыр, щIэныгъэр, унафэщIыным зэрыхуэIэижьыр граждан гъащIэми зэрыщыхуейм, республикэм, къэралым я фIыгъуэм зэрыхуэлэжьэн Iэмалхэр зэраIэм», — республикэм и Iэтащхьэм социальнэ зэпыщIэныгъэхэм щитхащ.

Ди корр.

ЛъэпкъылI нэсщ Есчындар Мухьэдин

1

АдэкIэ, Аденскэ университетым (Йемен щыIэм) щылажьэ совет егъэджакIуэ гупым я унафэщIу щытщ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ проректор пажэщ, Дунейпсо экономикэмрэ валютэ кредит зэхущытыкIэхэмрэкIэ кафедрэм и профессорщ...

2002-2006 гъэхэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ финанс академием и проректор пажэщ. 2006 гъэм щыщIэдзауэ ар дыдэм и ректорщ. 2010 гъэм щегъэжьауэ 2021 гъэм нэгъунэ УФ-м и Правительствэм и нэIэ щIэту лажьэ Финанс университетым и ректорщ. НобэкIэ университетым и президентщ.

«Дэтхэнэ ищхьэ еджапIэми хуэдэу, ди университетым и къалэн нэхъыщхьэу илъытэр – IэщIагъэрылажьэ нэс гъэхьэзырынращ. Я IэщIагъэм и мызакъуэу, студентхэр гъащIэми хуэхьэзыру дгъэсэну и ужь дитщ. ИкIи догъэбелджылы зэпыт, IэщIагъэ Iэзагъым и мызакъуэу, дяпэкIэ зэдэлэжьэну, зи гуащIэ зэхэзылъхьэну цIыхухэри еджэгъуэ илъэсхэм зэрагъэпэщмэ, сэбэп къазэрыхуэхъужынур.

«Командный дух и качество» — аращ ди университетым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм лъабжьэ нэхъыщхьэ хуэхъур. СызэрегупсысымкIэ, ар къыдэхъулIэу плъытэ хъунущ. Уеблэмэ япэ курсым къыщIэтIысхьа ныбжьыщIэхэм яжыдоIэ зэпыт: «Фызыдеджэхэм фахэплъэ: абыхэм яхэвгъуэтэнущ дяпэкIэ ныбжьэгъу пэж къыфхуэхъунухэри, гъащIэ гъусэ зыдэфщIынухэри. Ди университетым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ IэщIагъэкIи, щIэныгъэкIи, цIыхугъэкIи зэдэгъуэгурыкIуэну цIыхухэр зэрыдгъэгъуэтыныр», — къыхегъэщ Есчындарым.

И гъащIэ, и гуащIэдэкI лэжьыгъэ псом къриубыдэу, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа къэрал нагъыщэхэм къанэмыщIауэ, Мухьэдин игуэщIа лэжьыгъэ абрагъуэм къыпэкIуащ нэгъуэщI щIыхьыцIэ лъагэхэри. Абыхэм ящыщщ: «Зэныбжьэгъугъэм и орден»-р, «Почётный работник высшего профессионального образования России» бгъэхэIур, егъэджэныгъэмкIэ Урысейм и Президентым, и Правительствэм я Саугъэтхэр, «Лучший менеджер 2001 года», «Финансист года» фIэщыгъэ-цIэхэр; Есчындарыр — Къэрэшей-Черкес, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къалмыкъ, Ингуш, Бурятие республикэхэм щIыхь зиIэ я щIэныгъэрылажьэщ; е III, IV-нэ нагъыщэ зиIэ «За заслуги перед Отечеством» орденхэр зэрехьэ; и цIэр къраIуащ «Орден Дружбы Социалистической Республики Вьетнам» нагъыщэ инымкIэ, I - II нагъыщэ зиIэ Столыпиным и медалымкIэ, «За заслуги перед Москвой» щIыхь бгъэхэIумкIэ.

ЩIэныгъэлIым и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 500-м щIигъу — монографиехэр, тхылъхэр, тхыгъэхэр. А псоми я щхьэжу Мухьэдин илъытэр цIыхугъэрщ, псэемыблэжыныгъэрщ. И гур нэхъ зыхуэмыкIуэ хьэл-щэнхэм ящыщуи къыхегъэщ щхьэхынагъэмрэ гъащIэм мурад хэха щыуимыIэнымрэ.

«ЛIыхъужьыр – зи гуащIэ псэемыблэжу зыгъэтIылъу, ехъулIэныгъэм хуэкIуэфращ», — жеIэ адыгэлI нэсым.

Мухьэдин къилъэща щIэныгъэ щIыхьыцIэхэр, жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэхэр и гуащIэшхуэ химылъхьэу къылъысакъым. Есчындарым зыхуигъэувыж къалэнхэм хуэкIуэным ерыщагъ, псэемыблэж гуащIэдэкI лэжьыгъэ, псэ къару ин хелъхьэ. ИкIи, сыт хуэдэ лэжьыгъэри зыхуиунэтIыр къызыхэкIа лъэпкъым, здыщыпсэу къэралым ифI къыхэкIынращ.

Мухьэдин бгырыс лIы щыпкъэщ, узыфIэмыкIыжыну гу къабзэщ, пэжагъ хэлъу сыт хуэдэ Iуэхуми бгъэдэтщ. Есчындархэ я къуэ щыпкъэм гъэсэныгъэ нэс игъуэтащ Адыгэ Хабзэм къигъэув щытыкIэфIхэмкIэ.

Къыздэхъуа хэку цIыкIум — Беслъэней къуажэм, абы щыпсэу цIыху гуащIафIэхэм папщIэ Мухьэдин Iуэхуфl куэд зэфIех. Апхуэдэщ, псалъэм и жыIэгъуэкIэ, Хэку зауэшхуэр екIуэкIыу блокадэм ита Ленинград къыдаша сабийхэр зыпIа унагъуэхэм ятеухуауэ тхылъ къыдэгъэкIыным, фильм щIыным зэрыхэлIыфIыхьар.

Ари жыдмыIэ хъункъыми, 2021 гъэм дунейм къытехьа, си Iэдакъэ къыщIэкIа «Афган – 1979-1989» тхылъыр къыдэкIыныр зи фIыщIэу щытари Есчындар Мухьэдинщ. ЖыпIэнурамэ, апхуэдэ псапэ Iуэхуу адыгэлIым ищIэр мащIэкъым.

Мухьэдин сыт щыгъуи фIэгъэщIэгъуэнщ икIи и нэIэм щIигъэкIкъым къыздалъхуа и къуажэм щекIуэкI, къыщыхъу Iуэхугъуэхэр, къуажэдэсхэм я лъэIухэм, набдзэгубдзаплъэу бгъэдохьэ, мылъку дэIэпыкъуныгъэ ярегъэгъуэт.

«Есчындарыр хуабжьу цIыху гуапэщ, зыгуэркIэ зыхуэбгъэзамэ, зыкъыпщIигъэкъуэнущ. Сыт хуэдэ зэIущIэ ирехъуи, цIыхукIэ къэухъуреихьащ. Апщыгъуэми и гу хуабагъкIэ, хэлъ цIыхугъэмкIэ, IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъымкIэ, гуащIэдэкI лэжьыгъэ инымкIэ цIыхухэм я псэр зыкIэрегъапщIэ.

IэнатIэшхуэхэм пэрыт пэтми, апхуэдизкIэ адыгэлIым гуапагъэ ин хэлъщи, дэтхэнэ цIыху къызэрыкIуэри бгъэдохьэф, и гукъеуэ жреIэф. Хэт и гуфIэгъуэри деIыгъыф, и чэнджэщ хуэныкъуэ дэтхэнэми гулъытэ хуещIыф. Арагъэнщ, ныбжьыкIэхэр зиIэ профессорхэри, студентхэри Мухьэдин сыт щыгъуи щIыпыщIар.

Акъылышхуэ зыбгъэдэлъ, пщIыIуэпцIышагъэмрэ щхьэхуещагъэмрэ къызыгурымыIуэ цIыху щыпкъэщ ар. ЩIэныгъэ куу зиIэ, гушыIэныр зи щIасэ си ныбжьэгъум сыт хуэдэ зэхыхьэми псэ къыIуегъакIэ. Апщыгъуэми узыфIэмыкIыжыну зэпIэзэрытщ, ныбжьэгъугъэм пщIэ хуэзыщIщ, гуапэ дыдэу цIыхухэм япыкъуокI, гъэсэныгъэ нэс зыхэлъщ, зи дуней тетыкIэ дахэкIэ щапхъэ хъу адыгэлIщ.

Срогушхуэ икIи хуабжьу си гуапэщ Мухьэдин зэрысцIыхум, си ныбжьэгъу пэжу зэрыслъытэм. Зэрыадыгэу ирогушхуэ апхуэдэ цIыху щыпкъэ къызэрытхэкIам!

Си щхьэкIэ къэсщтэнщи, ищхьэ еджапIэм и къызэгъэпэщакIуэ лъэрыхьыр, Дунейпсо утыкум, Урысей псом, Москва къалэм ди лъэпкъым и пщIэр ину щызыIэт Мухьэдин сэ щапхъэ схуэхъу щIэныгъэлI щэджащэщ», — къыддогуашэ и ныбжьэгъуфIым хуэгъэзауэ профессор, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Даур Борис.

Дыхуейщ къыщалъхуа махуэр зыгъэлъэпIа, щIыхь куэд зыхуэфащэ ди хэкуэгъум, Беслъэней къуажэм ипIа адыгэлI нэсым дехъуэхъуну ди лъэпкъым, «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу.

ПщIэшхуэ зыхуэтщI Есчындар Мухьэдин!

Уи гукъыдэжым хэмыщIу, гъащIэм хууиIэ фIылъагъуныгъэмрэ гу хуабагъымрэ мыкIуэщIу, узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ, насып ущымыщIэу, Iуэхуфlхэмкlэ гъэнщIа гъащIэ кIыхь къэбгъэщIэну Тхьэм жиIэ!

Уэ пхуэдэ щIыхущ «лъэпкъылI нэсщ» зыхужаIэр!

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

«Прямой эфир»

Зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ

1

2026 гъэм лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр, цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэунэтIа Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд щIыналъэм къыщызэрагъэпэщащ. Темрезов Рэшид жиIащ абы хыхьэу, республикэм и лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIар.

«Зэкъуэтыныгъэр ди къару лъэщу зэрыщытыр аргуэру зэ къэдгъэлъэгъуащ. Дэри апхуэдэ Iыхьэ лъэщу лъэпкъ, дин куэду зэхэт ди Хэкушхуэм дыхэтын хуейщ», — щIигъужащ республикэм и лIыщхьэм.

Темрезов Рэшид жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин пашэхэу — Къэрэшей-Черкесым и муфтий Эркенов Мухьэммэд хьэжы, Псыхуабэрэ Черкесскрэ я архиепископ Владыко Феофилакт сымэ фIыщIэ яхуищIащ мы Iуэхум ехьэлIауэ зэрызэдэлажьэм папщIэ.

Эфир занщIэм хыхьэу къата, зауэ зэхуэмыдэхэм я ветеран, зауэ операцэ хэхам хэт, 2023 гъэм сабий къызэрыхуэхъуам къыхэкIыу, а зэманым СВО-р здыщекIуэкI щIыпIэм зэрыщымыIам папщIэ сом мини 150-рэ зэрылъ анэ гъэтIылъыгъэр къызрамыта Лъхукъуэщауэ Дианэ и зыхуэгъэзэныгъэр хэгъуэгум и Iэтащхьэм дищтащ. Ар щIэлъэIуащ а ахъшэр зауэм хэт бзылъхугъэм етыныр хэгъуэгу хабзэм щIагъужыну.

Темрезов Рэшид республикэм и Парламентым пщэрылъ хуищIащ апхуэдэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну, КъЧР-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьныгъэмрэкIэ и Министерствэм зауэ операцэ хэхам хэт бзылъхугъэм хэгъуэгу анэ гъэтIылъыгъэр иратыну. Апхуэдэу, щIыналъэм и лIыщхьэм и унафэкIэ, ищхьэкIэ зи гъугу тщIа хабзэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэнущ. Абы Iэмал къаритынущ сабий къызыхэкIуа, иджыпсту СВО-м щыIэ бзылъхугъэхэм республикэ анэ гъэтIылъыгъэр хуагъэфэщэну.

Республикэм и Iэтащхьэм дищтащ зауэ операцэ хэхам хэт, Къэрэшей-Черкесым щыIэ ЦIыхубэ фронтым и хэгъуэгу штабым щыщ Килбэ Руслан къыхилъхьа Iуэхур — спецоперацэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэу ягъуэтынум теухуа хъыбархэр зэрыщыту зэрыт тхылъ къыдэгъэкIыныр. Къинэмыщ1ауэ, къыхилъхьащ абы иратхэну Iуэху зехьэкIэр, ар сэбэп яхуэхъунущ СВО-м хэтхэми, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэми, къэрал, муниципальнэ Iуэхущ1апIэхэми, нэгъуэщI организацэхэм я лэжьакIуэхэми.

Темрезов Рэшид жиIащ справочникыр щIэгъэкъуэн хъарзынэ зэрыхъунур икIи Правительствэм пщэрылъ хуищIащ Хэкум и хъумакIуэхэм я фондымрэ ЦIыхубэ фронтым и хэгъуэгу зэгухьэныгъэмрэ я гъусэу Iуэхум елэжьыну, справочникыр ягъэхьэзырыну, дзэм къулыкъу щызыщIэхэми щIэгъэкъуэн яхуэхъунымкIэ щIэуэ къежьэ зэхъуэкIыныгъэхэр абы халъхьэну.

Эфир занщIэм ипкъ иту утыкум щыIуащ 2026 илъэс блэкIым республикэм щыпсэухэм къабгъэдэкIыу къаIэрыхьа упщIэхэм я щытыкIэм теухуауэ КъЧР-м и щIыналъэ Управленэ Купсэм къита аналитикэр.

ЦIыхухэм къаIэт упщIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ хъуащ ЖКХ-м, зэIузэпэщыныгъэм, муниципальнэ, муниципалитет зэхуаку гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным, пхъэнкIийр зэрыдашым, социальнэ IэнатIэм ехьэлIахэр.

Зыхуэгъэзэныгъэхэм нэхъыбэу къыхэщыр — унэлъапсэхэр зезыгъакIуэ компаниехэм я лэжьэкIэм теухуа тхьэусыхэхэращ. ЩIыналъэм и унафэщIым къыхигъэщащ цIыхухэм зэпымыууэ япыщIа, псэупIэр зейхэм я Iуэху еплъыкIэр тегъэщIапIэ ящIу зэгурыIуэныгъэ унафэхэр къэзыщтэ компаниехэри республикэм зэрыщыIэр. Апхуэдэу жэуапныгъэ хэлъу лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым папщIэ фIыщIэ яхуищIащ управляющэ компаниехэм.

Апхуэдэуи Темрезов Рэшид къытеувыIащ цIыхухэр захуагъэ хэлъу щытхьэусыхэ зэрыщыIэм.

«Управляющэ компаниехэм ядэлэжьэныр — Госжилнадзорым и къалэнщ, муниципальнэ къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэр ящIыгъуу», — щIигъужащ Iэтащхьэм.

Темрезов Рэшид республикэм псэупIэкоммунальнэ хъызмэтымкIэ и Министерствэм, къэрал псэупIэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Управленэм, Черкесск къалэ мэрием яхуигъэуващ управляющэ компаниехэм теухуауэ цIыхухэм къабгъэдэкIа тхьэусыхэхэм кIэлъыплъыну, абыкIэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыну. Зи къалэнхэр тыншу зымыгъэзащIэхэр къыщIагъэщмэ, хъызмэт лэжьыгъэм и лицензэр къытрахын папщIэ, административнэ Iэмал псори къагъэсэбэпыну яхуигъэуващ.

КъыкIэлъыкIуэ упщIэр теухуауэ щытащ Черкесскрэ Усть-Жэгуэтрэ я лифтхэм я щытыкIэм. Къапщтэмэ, Московскэ микрорайоным щыщу 48-рэ, 9-рэ, Черкесск къалэм и Балахоновэ уэрамым тет 39-нэ, Алиев Умар и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 31-нэ унэхэм щыпсэухэм тхьэусыхэхэр къабгъэдэкIащ.

А Iуэхум теухуауэ Темрезов Рэшид жиIащ Петербург щекIуэкIа Дунейпсо экономическэ зэхыхьэм Къэрэшей-Черкесым лифти 147-рэ хуэдиз илъэситIым къриубыдэу зэрызэрахъуэкIыныкIэ ДОМ.РФ-м зэгурыIуэныгъэ зэрыщыдищIар икIи а Iуэхугъуэшхуэр республикэм щыпсэухэм я деж щагъэзэщIэну пщэрылъ яхуищIащ абы и унафэщIхэм.

Эфир занщIэм зэпсэлъэныгъэм цIыхухэм я упщIэ, зыхуэгъэзэныгъэ къызэрыгуэкIхэм я мызакъуэу, фIыщIэхэри къыщыхэщащ.

Апхуэдэу, Краснодар щыщ Чотчаевэ Аннэ фIыщIэ ищIащ Карачаевск къалэм дэт сымаджэщым хэт, сабий къыздэхъу къудамэм гуапэу къызэрыпылъам папщIэ.

«Мыбы щызгъуэта хьэщIагъэр зы медицинэ Iуэхущ1апIэми къыщысхуащIакъым. Сыт щыгъуи сфIэлъапIэщ, сфIэIэфIщ цIыхум къыскхуиIэ, си Iыхьлыхэм яхуиIэ хущытыкIэр. Ар сэркIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Сабий къэхъуагъащIэм папщIэ тыгъэ хьэлэмэтхэри къызатащ», — жиIащ Чотчаевэ Аннэ.

Темрезов Рэшид жиIащ хэгъуэгум и медицинэ лэжьакIуэхэм фIыкIэ къызэрытепсэлъыхьыр зэригуапэр.

«Сэ сызэреплъымкIэ, ди дохутырхэм нэхъыбэрэ ящытхъупхъэщ. Дэтхэнэ IэнатIэми гугъуехь гуэрхэр зэриIэр гурыIуэгъуэщ, ауэ мыбдежым, мы Iуэхум теухуауэ, псом япэу сыхуейт сабиймрэ анэмрэ узыншагъэкIэ сайхъуэхъуну. ИкIи, дауи, мы медицинэ Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуэщIын хуейщ», — къыхигъэщащ щIыналъэм и унафэщIым.

Абы къыхигъэщащ сабий къэхъуагъащIэм хуагъэфащэ «Ди насып» тыгъэ зэхуэхьэсахэр Къэрэшей-Черкесым илъэс етIуанэ хъууэ зэрыщатыр икIи Iэмал имыIэу а хабзэфIым зэрыпащэнур.

Республикэ къалащхьэм щыпсэу бзылъхугъэм видеоупщIэ къригъэхьащ Черкесск къалэм и Космонавтов уэрамым тет 33-нэ унэм щыпсэухэм къабгъэдэкIыу. Ар тхьэусыхащ унэм екIуалIэ гъуэгур зэрызэкIэлъымыкIуэм щхьэкIэ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей пщэрылъ хуищIащ а гъуэгу Iыхьэм гу лъитэу мы илъэсыр имыух щIыкIэ Iуэхур зэфIигъэкIыну. Мэрым жиIащ зи гугъу ящI гъуэгур зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр мазэм къриубыдэу зэфIэха зэрыхъунур.

Эфир занщIэм и студием къэпсэлъащ республикэм и Прикубан муниципальнэ районым хыхьэ Октябрьскэ жылагъуэм щыпсэур икIи Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмрэ бгырыпх зыщIэлъ бэнакIуэхэмрэ зыздагъасэ спорт пэшым и унащхьэ зэгъэпэщыжынымкIэ ядэIэпыкъуну лъэIуащ. Темрезов Рэшид Прикубан районым и Iэтащхьэм пщэрылъ хуищIащ мылъку къигъуэту зэман гъунэгъум Iуэхур зэфIигъэкIыну. Абы къыдэкIуэуи Темрезов Рэшид къигъэлъэгъуащ Октябрьскэ жылагъуэм и социальнэ инфраструктурэм зэрызиужьар, къапщтэмэ, иужьрей илъэсхэм жылагъуэм щаухуащ щэнхабзэмкIэ Унэ, ФАП, спорт утыкуитI, жылагъуэ щIыпIэр зыхуей хуагъэзащ.

Iуэхугъуэ щхьэпэ къиIэтащ республикэ къалащхьэм щыпсэум. Ар теухуат гъэмахуэм Черкесск къалэм и Абазинскэ уэрамым тет унэхэм Абазинкэ псыр къыкIэщIэлъэдауэ зэрыщытам. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм республикэм ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мрэкIэ, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ и Министерствэм, Черкесск къалэм и мэр Баскаев Алексей пщэрылъ хуищIащ, къыхэкIуэ Апсуа къуажэм хуэкIуэу мащIэ хъунущ. Абы къыдэкIуэу Черкесск къалэм дэт зэхэдзыпIэ купсэм тонн мин 40-м щегъэжьауэ тонн 60-м нэсу елэжьыфын хуэдэу зыдогъэубгъу. Зеленчук районми пхъэнкIийр зэхэзыгъэкI завод щыдухуэну едгъэжьащ», — къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм.

Мы илъэсым контейнерхэр къэщэхунымкIэ планыр гъэзэщIа хъуащ. Илъэсым и кIэм ехъулIэу контейнер 300 хуэдиз аргуэру къащэхунущ. Ахэр здагъэувыну щIыпIэ 58-рэ зэрагъэпэщащ, илъэсым и кIэм нэгъунэ иджыри 13 яухуэнущ. КъЧР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемрэкIэ и Министерствэм зэхелъхьэ ТКО-м елэжь регопературхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр къэзыпщытэ бэз.

Республикэ къалащхьэм щыпсэу бзылъхугъэм видео къригъэхьащ Черкесск къалэм и Октябрьскэ уэрамым и лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ закъыхуигъаззу.

Темрезов Рэшид жиIащ Черкесск къалэм и Октябрьскэ уэрамыр ди къалащхьэм щынэхъ кIыхь дыдэхэм зэращыщыр икIи абдеж лъэс зекIуапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным епха лэжьыгъэхэр 2027 гъэм щыщIадзэну унафэ ищIащ.

КъыкIэлъыкIуэ упщIэр къыбгъэдэкIащ Зеленчук станицэм щыпсэум икIи абы республикэм и Iэтащхьэм зыхуигъэзащ станицэм дэт е 5-нэ сабий Iыгъыпlэм и лэжьыгъэр зэтегъэувэжынымкIэ къыдэIэпыкъуну. Абдеж сабий Iыгъыпlэр зэрагъэплъ Iэмэпсымэхэм ехьэлIауэ лъэпощхьэпохэр къыкъуэкIащ. ПIалъэ кIэщIкIэ хуабэр къызэрыратыжынур Iэтащхьэм жиIащ икIи мы сабий Iыгъыпlэм езым и гъэплъыпlэ цIыкIу хуэщIыным теухуа проект-сметэ дэфтэрхэр зэрызэхалъхьэнур къыхигъэщащ.

Къинэмыщ1ауэ, Адыл-Хьэлъкъ къуажэм дэт курыт еджапIэм лэжьэн щыщIидзэжыным щIэупщIащ. Абы и жэуапу, Темрезов Рэшид пщэрылъ хуищIащ республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат а щIыпIэм кIуэуэ еплъыну, апхуэдэуи мылъкукIэ хэкIыпIэ къигъуэтыну.

Хьэбэз районым хыхьэ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэр щIэупщIащ илъэс 50 е нэхъыбэкIэ зэдэпсэуа унагъуэхэм сыт хуэдэ льготэхэр яIэми?

Темрезов Рэшид къыхигъэщащ «Образцовая семья» нагъыщэр Къэрэшей-Черкес Республикэм зэритыр икIи республикэм гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьныгъэмрэкIэ и Министерствэм унафэ хуищIащ лъэIу тхылъхэр къэзытхахэм запищIэу, тхылъхэр гъэхъэзырынымкIэ ядэIэпыкъуну.

Черкесск щыщ, бын куэд зиIэ, зи щхьэгъусэр СВО-м хэт анэм лъэIу къыбгъэдэкIащ я псэупIэр щIыуэпс гъуэзкIэ къызэгъэпэщынымкIэ зыщIагъэкъуэну.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм бзылъхугъэр къигъэгугъащ а Iуэхур нэIэм щIагъэувэну. Республикэм и унафэщIым къыхигъэщащ СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм гъуэзыр яIэрыгъыхьэнымкIэ субсидиеу сом мини 100 къызэрыхухагъэкIыр. Темрезов Рэшид апхуэдэу зыхуигъэзащ «Газпром межрегионгаз Черкесск» ООО-м и генеральнэ унафэщI Дергачёв Олег мы Iуэхур и нэIэ щIигъэтыну.

Усть-Жэгуэтэ щыпсэу, сабий сымаджэ зиIэ анэр лъэIуащ зи зыужьныгъэкIэ нэгъуэщIхэм къащхьэщыкI сабийхэр щыджэгуфын, щызэпсэлъэфын, зыщагужьыфын Iуэхущ1апIэ я къалэм зэрыдэмытым гу лъатэну.

Темрезов Рэшид жэуап къитащ Усть-Жэгуэтэ районым щыкIуам жылагъуэ щIыпIэм и етIуанэ Iыхьэр зэIузэпэщ щIыным хиубыдэ «ХытIыгу Щхъуантlэ» паркым и проектым зэрыхэплъар, абы къызэщIеубыдэ зи узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэ сабийхэм папщIэ спорт, джэгупIэ утыкухэр икIи район администрацэм и Iэтащхьэ Лайпанов Мурат пщэрылъ хуищIащ Iуэхур и нэIэм щIигъэтыну.

Карачаевск щыщ Кубановэ Лейлэ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм зыхуигъэзащ къалэм Мыл Уардэунэ къыщызэIухыным теухуа упщIэмкIэ.

«Дыгъэгъазэм и 12-м, Урысей Федерацэм и Конституцэм и Махуэм, ар гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIутхынущ. Нобэ лэжьыгъэшхуэ ядыдогъэкIуэкI апхуэдэ еджапIи 8 къызэIузыха компанием, фигурнэ къэжьыхьынымрэ хьэкъеймрэкIэ IэщIагъэлI зэрыдимыIэм къыхэкIыу. Абы йолэжь Олимп Джэгухэм я призер Авербух Илья. Мыл къэжьхьыпIэщIэр спортсменхэми щIыхубэми я зэхуэсыпIэ хъунущ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

Эфир занщIэм и кIэм, хабзэ зэрыхъуауэ, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид жэуап иритащ мы илъэсым республикэм и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къилъытэм ехьэлIа упщIэм.

«Ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къызолъытэ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым аргуэру зэ къигъэлъэгъуа мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ. Дэ Iуэхугъуэ куэд зэфIыдогъэкI, ауэ иджыри зэфIэмыхауэ куэд щыIэщ. Сэ си фIэщ мэхъу си щхьэкIи, Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм хэтхэми, муниципальнэ къэхъугъэхэм я Iэтащхьэхэми, ди республикэм щыпсэу дэтхэнэми яфI къызыхэкIын лэжьыгъэм зэрыпытщэнур.

Псоми фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ фи гуащIэм, фи зэфIэкIым, къэвгъэлъагъуэ хэкупсагъэм папщIэ. ФIыщIэ яхузощI ди лъахэгъуэм, щIалэхэм — зауэ операцэ хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм. ИкIи сыхуейщ сехъуэхъуну ди республикэми, ди Урысей къэралыгъуэшхуэми мамырыгъэ, зэIузэпэщыныгъэ, ефIэкIуэныгъэ щыIэну!», — жиIащ хэгъуэгум и унафэщIым.

Зыгъэхьэзырар
ДЗЭМЫХЬ Маринэщ

ЕфIакIуэ, берычэт хьэблэ!























фIыгъэр, пщIэзэхуэщIыныгъэр фхъумэ. Урысейр ди зэхуэдэ унэщ, мыбдеж дэтхэнэми и щэнхабзэмрэ и щIыхьымрэ япэ иригъэщу зэрыпсэум и фIыгъэкIэ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр нэхъ быдэ щохъу.

Нобэ мы кумбыгъэр идогъэгъэтIылъ илъэс щэныкъуэ дэкIмэ, ар къызэIузыхыну къызыпэщылъ щIалэ цIыкIум. Апхуэдэу, нэхъыжьхэм я Iущыгъэр нэхъыщIэхэм уэсяту, блэкIам и фэеплъыр къэкIуэнумкIэ жэуаплыгъэу къыфхудогъанэ.

2076 гъэм ди къуажэр нэхъ дахэж, нэхъ зэIузэпэщ хъуну Тхьэм къыщIигъэкI. Мы сатырхэм фыкъеджа нэужь, фызэупщIыж: дядэжьхэм я щIэиныр тхъумэфауэ, абыхэм я Iуэхум екIуу пытщэфауэ пIэрэ, ди бынхэм сыт яIэрыдгъэхьар?

Ди фIэщ мэхъу абы фыгушхуэу жэуап нэс зэрефтыфынур: «КъытIэрыхьар тхъумащ, къэдгъэщIари дгъэбэгъуащ, нэхъ лъапIэ дыдэращи — дызыщалъхуа Куэш-Хьэблэм и фэеплъыр, и щэнхабзэр, и лъагъуныгъэр щIэблэхэм зэIэпытхыу допсэу» жыфIэнущ.

Фызыщыщ къуажэм, Къэрэшей-Черкес Республикэм, Урысей уардэм къэкIуэныфI къазэрыпэплъэмкIэ фIэщхъуныгъэ зиIэ, 2026 гъэм Куэш-Хьэблэ къуажэм щыпсэухэ!»

Щэнхабзэмкlэ Унэм и пщlантlэр, дэнэ лъэныкъуэкlэ умыплъэми, цlыхум фlэгъэщlэгъуэн, къыщхьэпэн Iуэхухэмкlэ къызэгъэпэщауэ щытащ. Псалъэм папщlэ, Байчоровэ М. и цlэр зезыхьэ тхыдэ-щэнхабзэ икlи музей къуэдмэзым и лэжьакIуэхэм ягъэхьэзыра «Районым и тхыдэм — си напэкIуэцIыр» инсталляцэмкlэ Унэ щIыхьэпlэр гъэдэхат, и гупэхэмкlэ станц щхьэхуэхэр щылажьэт КъЧР-м и Министерствэ зэхуэмыдэхэм ягъэхьэзырауэ.

Автомобиль гъуэгумкlэ гъэза бжыхьым ирекIуэкIыу кIэрытт адыгэ шхыныгъуэхэр, Iэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, Iэщэ-фащэхэр къуздэгъэлъэгъуа пщыIэ мыинхэр. Сэмэгурабгъумкlэ щыт бжыхьымкlэ щызэфIэдза лэгъуп пщыкIублым пщафIэ Iэзэхэр пэрытт мэлылрэ пловрэ ягъэхьэзыру, ахэр я чырчылхэмкlэ зэIащIэхун, шхыным къыхих мэ гурыхьымкlэ ини цIыкIуи зрашалIэу, ягъэхьэщIэу.

Гимназие щIыбагъыр спорт зэпеуэхэм я тепщапIэт. НыбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я лъэкIыныгъэхэр ягъэунэхут мини-футболымкIэ, сэ дзынымкIэ, Iэпщэкlэ зэпекъуныкlэ, бадминтонымрэ волейболымрэкlэ, ГТО-мкlэ, нэгъуэщIхэмкIи.

Ижьырабгъумкlэ — зауэ-хэкупсэ станцымкlэ цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм мастер-классхэр къыщатт дыщэидэмкlэ, пхъэм, гъущI лIэужьыгъуэхэм елэжьынымкlэ, щылажьэт электроннэ нэщэнэуапIэр, къыщызэгъэпэщат сэлэтым письмо здыхуатх, зэуапIэм Iутхэм зэрызагъэпщкIу хъыхэр здаблэ, гузэвэгъуэ ихуам япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырагъэгъуэтым къыздытепсэлъыхь, Iэщэ зэхуэмыдэхэр здагъэлъагъуэ, ахэр зэрызэпкърах-зэрызэпкъралъхьэжым здыхуагъасэ щIыпIэхэри.

Куэш-Хьэблэ и гуфIэгъуэ зэхыхьэм къекIуэлIахэр а гъэщIэгъуэн къомым хэплъэным гу щахуа нэужь, жылагъуэ утыкум и цIыху пажэхэм ящIыгъуу псори щэнхабзэмкIэ Унэм зэрыхьащ. МахуэщI дауэдапщэм и ешэжьапIэ, и хъуэхъуапIэ нэхъыщхьэу щытынур абдежрати, концерт пэшым Iэпэ дэупIэ имыIэжу къыщызэхуэсахэр пэплъэт Урысей Федерацэмрэ Къэрэшей-Черкесымрэ я Гимнхэмкlэ Iуэхур къыщызэIуахыну напIэзыпIэм.

Ари зэфIэкIри, ГТРК-м и корреспондент Къардэн Заремэ зыщалъхуа Куэш-Хьэблэ къуажэм и тхыдэм теухуауэ игъэхьэзыра нэтын бэлыхьыр къагъэлъэгъуащ. Журналистым и лэжьыгъэм еплъахэм нэIуасэ зыхуащIащ къуажэр Зеикъуэ къызэрыхэкуэшыкIам, абы къэралми республикэми я цIэр фIыкIэ жезыгъэIа къуэфIхэмрэ пхъуфIхэмрэ сыт щыгъуэ зэмани зэрикуэдам, и иджырей лъэкIыныгъэхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ.

ЛИищэ зи уасэ куэшхэблэдэсу щытауэ псоми ящIэж Аргун Iэбубэчыр (ПIатIэ) Дадым и къуэр — «Путь Ильича» колхозыр илъэс плIыщIрэ тхурэкIэ зы унагъуэшхуэу зэхэзыгъэта адыгэлI нэсыр. Абы и щIэиныр яхъумэу, ягъэбагъуэу нобэ и лъэужь нэхум ирокIуэ Хьэбэз жыпсыщI заводыр зыIэщIэлъ и къуэ Олег, КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ IэнатIэ лъагэр щытхъурэ зэхэщIыкIрэ зиIэу зезыхьэ и къуэрылъху Мурат сымэ.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIа хъуэхъу псалъэхэмкIэ махуэщIым къекIуэлIахэм захуигъэзащ Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат:

«Нобэ и лIыщIыгъуэ ныбжьыр егъэлъапIэ Хьэбэз районым хыхьэ Куэш-Хьэблэ къуажэм. Илъэсищэ махуэщIым и щIыхькIэ ягъэхьэзыращ нэгузыужь программэ зэгъэпэща: спорт Iуэхугъуэхэр, жармыкIэхэр, шуейхэм километрипщI къакIуныр, концерт пшыхьыр, нэгъуэщIхэр.

Къуажэм и зэфIэувэныгъэмрэ зыужьныгъэмрэ тыншу щытауэ пхужыIэнукъым. Ауэ гуащIэдэкIыр, псэемыблэжыныгъэр, хахуагъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ къызыдекIуэкI къуажэдэсхэр щапхъэгъэлъагъуэу пэщIэтыфащ сыт хуэдэ гугъуехьми. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэщ къуажэдэсхэм сэбэп къахуэхъуар Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа зэман хьэлъэхэм, цIыхухъухэр фронтым щыIутам, къуажэм фашистхэр щыдэтам. Апхуэдэ къабзэуи, нобэ зы Iэпкълъэпкъыу зэкъуэт къуажэдэсхэр я дэIэпыкъуэгъу нэсщ СВО-м Iэщэ зыIыгъыу къэралым и хьэлэмэтхэр зыхъумэ къулыкъущIэхэм.

Автономие псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щытащ «Путь Ильича» колхозыр, Куэш-Хьэблэ, Зеикъуэ, Малый Зеленчук (Ботэщей) къуажэхэр къызэщIэзыубыдауэ щытар. Абы и унафэщI IэнатIэм илъэс 45-кIэ тетащ Куэш-Хьэблэ къыдэкIа цIыху цIэрыIуэр, Социалистическэ ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь, СССР-м и Ищхьэ Советым и депутат Аргун Iэбубэчыр. Колхозник куэдым къыхуагъэфэщауэ щытащ СССР-м и гуащIэдэкI нагъыщэ нэхъ лъапIэ дыдэр — Ленин и орденыр. Къапщтэмэ, Куэш-Хьэблэ къыдэкIащ ди къэралышхуэр зыгъэбжьыфIа цIыху цIэрыIуэхэр: щIэныгъэлIхэр, гъуазджэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ, бэдаущ Iуэхузехьэхэр.

Нобэ Куэш-Хьэблэ зеужь, йофIакIуэ. Мыбдеж капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэхэр иращIылIащ гимназием, дохутыр амбулаторэм, щэнхабзэмкIэ Унэм. Федеральнэ гъуэгум и зы Iыхьэр зэрыщыту зэрахъуэкIащ, апхуэдэщ Малый Зеленчук къуажэм упызыщIэ лъэмыжыр, шынагъуэншэ ищIу районымрэ республикэ купсэмрэ я зэпыщIэныгъэр.

Нобэрей махуэщI лъапIэм ипкъ иту, Куэш-Хьэблэ щыпсэухэм ягъэтIылъащ къэкIуэну щIэблэхэм папщIэ «Капсула времени», хасащ жыги 100, къуажэр зэрырикъуа илъэс бжыгъэр ягъэщыпкъэу. А жыгыщIэхэр кърехъу щIэблэщIэхэм ящIыгъуу, Куэш-Хьэблэ къуажэм и хабзэ дахэхэм пащэу.

Сохъуэхъу къуажэм ефIэкIуэныгъэкIэ, абы щыпсэухэм — узыншагъэ быдэкIэ, унагъуэ хуабагъэкIэ, хэку цIыкIум папщIэ гушхуэныгъэкIэ!»

Махуэщ1ым ипкъ иту, Куэш-Хьэблэ къуажэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, зи гуащIэдэкI лэжьыгъэр щапхъэгъэлъагъуэ нэрыбгэхэр республикэм и Правительствэмрэ и Министерствэхэмрэ къабгъэдэкIа Щ1ыхь тхылъхэмкIэ къыхагъэщащ.

Апхуэдэу, КъЧР-м и Правительствэм игъэлъэпIащ «Путь Ильича» колхозым и механизатору щыта Амирокъуэ Алий, гимназием математикэмкIэ и егъэджакIуэу щылэжьа Амирокъуэ Фатимэ (Майе), ГТРК-м и корреспондент, КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналист Къардэн Заремэ, «Дубок» нану Iыгъыпlэм и пщафIэхэу Балэ Iэминатрэ Борэныкъуэ Зурятрэ, къуажэ администрацэм и IэщIагъэлI пашэ Багъ Мадинэ, Хьэбзэ районым щэнхабзэмкIэ и Унэм и режиссер Адзын Мадинэ сымэ.

ГуфIэгъуэ пшыхьым министру щIэсар Куэш-Хьэблэ къуажэм хъуэхъу псалъэ дахэхэмкIэ зэрызыхуагъэзам кънэмыщIауэ, абы и цIыху лэжьакIуэ зыбжанэми Щ1ыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ:

— физкультурэмрэ спортымрэ и министр Тенц Дмитрий игъэлъэпIащ Куэш-Хьэблэ гимназием футболымкIэ и гъэсакIуэ Къантемыр Беслъэнрэ физкультурэмкIэ и егъэджакIуэ Къуршэ Уэсмэнрэ, Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ СССР-м спортым и мастер Уэз СулътIан, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ куэшхьэблэдэс цIыкIухэр нобэ зыгъасэ Щауэ Азэмэт, спорт бэнэкIэмкIэ олимп резервым и еджапIэм щылажьэ Щакlуэ Къанщобий сымэ;

— узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Камурзаевэ Динарэ гулъытэ яхуищIащ Куэш-Хьэблэ дэт амбулаторэм илъэс куэдкIэ щылэжьахэм: фельдшерхэу Амирокъуэ Мулит-Хъанрэ Аргун ФатIимэтрэ, медсестра Мамхэгъ Мэржанэ, акушеркэ ПIапIшу Галинэ, водитель Аргун Мурадин сымэ;

— щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб я цIэ къриIуащ щэнхабзэмкIэ Унэм и унафэщI Мамыжь Хьэзрэт, къуажэ библиотекэм и IэщIагъэрылажьэ нэхъыщхьэ Чэнджэщауэ Лела, «Пшэплъ» цIыхубэ Iуэрыlуатэ ансамблым и художественнэ унафэщI Къэзэнокъуэ Лолэ сымэ;

— егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министрым и пщэрылъхэр зыгъэзащIэ Шаманов Щэмил игъэгушхуащ «Дубок» нану Iыгъыпlэм и гъэсакIуэ Абидокъуэ Фатимэрэ музыкэмкIэ и лэжьакIуэ Мамыжь Iэминатрэ, гимназием урысыбзэмрэ литературэмрэкIэ я егъэджакIуэхэу Арчэл Динэрэ Борэныкъуэ Маридэрэ, математикэмрэ информатикэмрэкIэ и егъэджакIуэ ДыщэкI Майе сымэ;

— мэкъумэш хъызмэтымкIэ и министрым и япэ къуэдзэ Лыхь Жамболэт я лэжьэкIэфIым уасэ нэс хуищIащ «Путь Ильича» колхозым хэта Багъ Мухьэрбийрэ Борэныкъуэ Олегрэ.

1

Сэ сроин икIи срогушхуэ Куэш-Хьэблэм и гъащIэр ипэкIэ гъэкIуэтэным хуэпабгъэу псэуахэм, зэман зэхуэмыдэхэм хьэщIэу къытхуеблэгъахэм куэд ядэслъагъун, ядэзгъэкIуэтэн зэрыслъэкIам. ЖысIэнуи сыхуейщ — мы дунейм щыIэкIэ зэгъэыу цIыхум иIэр зэкъуэтыныгъэм епхауэ щыщыткIэ, фIыуэ слъагъу си къуажэдэсхэр Тхьэшхуэм щимыгъэщIэкIэ узыншагъэ быдэ, гукъыдэж ин, Iыхьлыгъэ-благъагъэ кIыхь! — къуддэгуэшащ Мэрчан Угъурлы удз гъэгъар фэеплъ мывэм трилъхьа нэужь.

АдэкIэ гупым иунэтIащ щэнхабзэмкIэ Унэм и пащхьэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм хэплъэну. Абдеж цIыхур Iуву къыщызэхуэсат ди республикэм и къэрал унафэщI къулыкъухэм я лIыкIуэхэм жыгыщIэ цIыкIухэр щагъэтIысынум ежьэу. ЖытIэнщи, аллее папщIэу клубым ибгъумкIэ къагъэнауэ щыта щIы Iыхьэфlым иджы къыщыкIынущ жыг зэмылIэужьыгъуэу 100, псей лъэпкъхэри хэту.

Жыг хадэщIэм зыхуей ирагъэгъуэта нэужь, абы и ихьэпIэ дыдэм деж щыщIалъхьащ *«Послание потомкам. Капсула времени заложена 14 ноября 2026 года. Вскрыть в 2076 году, в год 150-летия аула Кош-Хабль»* жэуэ зытедза тхыгъэр зэрылъ кумбыгъэр. Щ1ыхьышхуэ зыпылъа Iуэхугъуэр ягъэзэщIэну я пщэ иралъхьащ куэшхьэблэдэс нэхъыжьыфI ПIапIшу Хъусенрэ япэ классым кIуэ, зи адэр СВО-м хэкIуэда Пщыхьэщlэ Эмиррэ.

Иджырей къуажэдэсхэм къабгъэдэкIыу къэкIуэну щIэблэхэм хуатха зыхуэгъэзэныгъэм мыпхуэдэ сатырхэр итщ: *«Куэш-Хьэблэр лъэпкъ куэду зэхэт Къэрэшей-Черкес Республикэм щыщщ. Мамырыгъэр, зэгъунэгъуныгъэр, щIэблэ зэгурыIуэныгъэр, дружбэр, зэпэщIэныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэпэщIэныгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэпэщIэныгъэр, зэгурыIуэныгъ

Куэш-Хьэблэ и илъэси 100 махуэщIым къикIыу

1,3

ЕфIакIуэ, берычэт хьэблэ!



ЩIалэгъуалэ Iуэхухэмкlэ и министр Торкулов Ибрэхьим щIэблэм жыджэру и нэIэ зэрытригъэтым папщIэ къыхигъэщащ «Хэкум и шынагъуэншагъэмрэ и хъумэныгъэмрэ я лъабжьэхэр» предметымкIэ гимназием щезыгъаджэ Жантемыр Беслъэн, къуажэм дэт «От А до Я» сатущIапIэ иныр зей Къамэ Борис, гимназием и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Чэнджэщауэ Каринэ, уней хыхьэхэкIырылажьэ ЩакIуэ Артур сымэ.

ИкъукIэ ди гуапэ хъуащ «Черкес хэку» газетым илъэс 45-кIэ гуащIэ щызыгъэтIылъа Къантемыр Тыркубий «Куэш-Хьэблэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр игъуэ дыдэу, хуэфащэу къызэрыфIащар.

А псори уэрэдхэмрэ къафэ гухэхъуэхэмрэкIэ ягъэдэхащ КъЧР-м и цIыхубэ артист Мэремкъул Ачар, КъЧР-м щIыхь зиIэ и артисткэхэу Амирокъуэ Иринэрэ (Амиринэ) Думэныщ Лианэрэ, уэрэджыIэхэу Джатэ Аслъэнбэч, Iэгуей Руслан, Барэ Ислъам сымэ, «Черкесия» уэрэджыIэ ансамблым, республикэм и Къэрал филармонием къафэмкIэ и театрым, «Синд», «Синдикэ» къэфакIуэ гупхэм.

Концерт пэшым щызэхашар и кIэм щынэсым, ар езыгъэкIуэкIахэм — щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу Къардэн Алийрэ Адзын Мадинэрэ къаIуэхуащ Куэш-Хьэблэ и илъэси 100-м папщIэ къуажэм къызэригъэпэща шу зекIуэм хэтахэр Iэгуауэкlэ кърагъэблэгъэжьапхъэу. Адыгэ фащэкIэ хуэпа шууейхэр «Миру-мир» зытедза, къуажэбгъумкIэ щыIэ щIыпIэ нэщIым къыщыщIадзэри къызэпачащ Къубинэ - Елбыргъэн - Куэш-Хьэблэ гъуэгуанэ кIыхьыр.

Я махуэщIыр даIэтмэ, дагъэлъапIэмэ яфIэфIу куэшхьэблэдэсхэм къахуеблэгъащ Адыгэ Республикэмрэ Ингушетиемрэ я шууей зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкIа лIыкIуэ гупхэр. Сытым хуэдэу гуапэт ди лъэпкъым, хэхауэ Куэш-Хьэблэ щыщхэм папщIэ гур зыгъэхуабэ, зыгъатхъэ псалъэхэр зэрыхужаIэр зэхэпхыныр.

— Ди адыгэ лъэпкъыр зыгъэбагъуэ мы къуажэ дахэм и илъэсищэр гъэлъэпIэным хэт дэтхэнэ зыми си гуапэу фIэхъус фызох, сыфхуогуфIэ мыпхуэдэ махуэщI лъапIэ къызэрызэвгъэпэщыфам папщIэ. Шууей Хасэм хэту Къэрэшей-Черкесым щыщ щIалэфIхэм дыкъызэрырагъэблэгъам и фIыщIэкIэ, Инжыдж псыр къызэпыдупщIащ. Тхьэм дызэрелъэIунщи, ди гуфIэгъуэм цIыху куэд къызэхуэсащ, абы мы щIыпIэм къихъухьахэр, дауи, имыгъэдахэу, имыгъэбжьыфIэу, имыгъэгушхуэу къигъэнэнукъым.

Адыгэр мис мыпхуэдэу дызэхыхьэ зэпытын хуейщ, ауэрэщ нэхъри зэпыщIа дызэрыхъунури, нэхъыфIу дызэрызэрыцIыхунури, — хъуэхъу псалъэхэмкIэ гуфIэгъуэм хэтахэм захуигъэзащ Адыгэ Республикэм и Асэкъэлей къуажэм щыщ шууей ГъукIэлI Ким.

— Куэш-Хьэблэ жылэм и махуэшхуэм дыхэтыну дыпIащIэу фи хэгъуэгум дыкъихьащ.

Iуэхур зыIутыр аращи, дэ — ингушхэр, куэд щIауэ адыгэхэр догъэныбжьэгъу, фи лъэпкъ уардэм лIыщIыгъуэ бжанэ хъуауэ дызэрыдэгъуэгурыкIуэм дрогушхуэ, абы дегъэлъапIэ икIи, догугъэ а зэныбжьэгъугъэм ди щIэблэхэм адэкIи пащэну.

Зым и дежкIи щэхукъым адыгэхэмрэ ингушхэмрэ Кавказым и щIыдэлъху лъэпкъхэу зэрыщытыр. Зэщхь дызыщI куэди къыддалъагъу: Адыгэ Хабзэмрэ Ингуш Адэтымрэ зэбгъурыту макIуэ. «Черкес» псалъэм куэд къыбжеIэ, ар дуней псом къыщацIыху лъэпкъщ. Абы и щэнхабзэ телъыджащэм, бейм, щхъуэкIэплъыкIэм, и зауэ тхыдэм пщIэшхуэ худощI.

Си псэм къыбгъэдэкIыу сехъуэхъуну сыхуейщ Куэш-Хьэблэ къуажэмрэ республикэмрэ щыпсэухэм мамырыгъэ, зэIузэпэщыныгъэ, ефIэкIуэныгъэ, ДыкъэзыгъэщIам и гущIэгъурэ и фIыгъуэрэ яIэу псэуну! — жиIащ адыгэ лъэпкъым зыкъытхуигъазэкIэрэ Ингушетием и Шууей зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIа Нальгиев Хъусен.

Мы щIалэм къыткIэлъызэрихьа гулъытэм, цIыхуфIагъым, гъэсэныгъэшхуэм пэджэжкIэрэ, куэшхьэблэдэсхэм я цIэкIэ Аргун Мурат шыщIэ тыгъэу хуимыгъэфащэу и гум идакъым. Абы къегъэлъагъуэ адыгэхэмрэ ингушхэмрэ ди зэпыщIэныгъэ быдэр, зэхущытыкIэ къабзэр псалъэ закъуэу щымыту, атIэ, Iуэхукlэ щIэгъэбыдауэ зэрыщытыпхъэр.

Дыгъэр къухьа нэужьи цIыхухэр зэбгрымыкIыжу зэхэтащ. АтIэ, сыт хуэдэ гуфIэгъуэ дауэдапщэми зэрихабзэу, абы-хэм хуагъэхьэзырат махуэщIыр зэрызэхуащIыжыну уэрэдхэр, къафэхэр. Пщыхьэщхьэ зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм хэтащ КъЧР-м и къэрал филармониемрэ Хьэбэзрайонымрэ я артистхэр, къэфакIуэ гупхэр.

Юбилей дауэдапщэ нэхъыщхьэм ипэ махуэм, щэкIуэгъуэм и 13-м, республикэм и адыгэ, абазэ къуажэхэм къабгъэдэкIа шууей Iэкlуэлъакlуэхэм Куэш-Хьэблэ и илъэси 100-м и щIыхькIэ шыгъажэ хузэхашащ. Ар къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ хэлIыфIыхьащ къуажэ администрацэр, зи жылэжь хуэгупIанэу къэтэджа щIалэгъуалэр. Шыгъажэр тедзэгъуиплIу (забег) гуэшауэ щытащ: 1200, 1600, 1800, 2000 метр хъу гъуэгу Iыхьэхэм ятещIыхьауэ.

Япэ къэжэгъуэм бжьыпэр ихьащ Лъхукъуэщауэ Назир и «Алмыр» хакIуэм, етIуанэу къэжащ Мамбэт Уэзир и «Бэрзэдж» хакIуэр, ещанэу — Братхэ Рустам и «Хъан» хакIуэр. ЕтIуанэ къэжэгъуэм япэу къэсащ КIыщ Рэмэзан и «Азэн» хакIуэр, етIуанэу — Уэтэр Азэмэт и «Абрэдж» хакIуэр, ещанэу — Мэремыкъуэ Уэлий и «Iэят» шыр. Ещанэ къэжэгъуэм щытекIуащ ТIыгу Виталик и «Кречет» хакIуэр, етIуанэ хъуащ Чыкъуэ Марат и «Титан» шыр, ещанэр — Хьэжьыкъуэ Щэмил и «Мамлюк» хакIуэращ. ЕплIанэ къэжэгъуэм, километритI зи кIыхьагъэу щыта гъуэгуанэм хагъэхьар тхылъ зиIэ адыгэш къабзэхэрат. Абы текIуэныгъэр щызыIэригъэхьащ КIэдэкIуей Зэмрэт и «Алтаир» хакIуэм, етIуанэ хъуар Къантемыр Адемыр и «Мамлюк» хакIуэращ, ещанэр — Хьэкъун Ренат и «Граф» шыращ. Мыбыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми хуагъэфэщащ медалрэ кубокрэ, ФIыщIэ тхылърэ ахъшэ саугъэтрэ.

Тхыгъэр ЛЫХЬ Тимур,
сурэтхэр АБИДОКЪУЭ Люсанэ,
БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ сымэ яйщ

Щэкlуэгъуэм и 14-м къэралым щагъэлъапIэ фошыгъу узым пэщIэтыным и Дунейпсо махуэр. Мы махуэм дигу къегъэкIыж дунейм цIыхуу тетым и дэтхэнэрей епщIанэми а уз гъэтIылъар, ди жагъуэ зэрыхъущи, къызэрыдэгъуэгурыкIуэр. Аращи, зи Iэпкълъэпкъ емыижыр, хуэсакъыр, зэрыт ныбжьым емылъытауэ, мы Iуэхум нэгъэсауэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр зригъэплъмэ, и узыншагъэр и чэзум къихутэмэ зэрынэхъыфIыр къыгурыIуэныр губзыгъагъэщ икIи тэрэзщ.

Хэт, атIэ, фошыгъу узыр зищIысыр къыджезыIэфынур абы пэщIэт IэщIагъэрылажьэм къинэмыщIа? ЩыIэкъым апхуэдэ. Аращ ди гуапэу къыщIэдгъэпсэлъари КъЧР-м и эндокринологическэ диспансерым и дохутыр ныбжьыщIэ ШЫБЗЫХЪУЭ Лилианэ Аслъэнбэч и пхъур.

— Медицинэм япэ IэнатIэу щыбгъуэтам, дохутыр-эндокринологыу ущытыну щIытебубыдам тIэкIу и гугъу къытхуэщI, Лилианэ...

— 2016-2022 гъэхэм Ставрополь къалэм дэт медицинэ университетым сыщеджа, къэзуха нэужь, кIуэрабгъу куэдым хуэгъэпса Къэрэшей-Черкес медицинэ Купсэм участковэ терапевту щылэжьэнымрэ университетым аспирантурэр къыщыухыжынымрэ зэдэсхьащ.

СыщыцIыкIу лъандэрэ сфIэгъэщIэгъуэнт цIыхур пшэр щIэхъум и щхьэусыгъуэр: а узыфэм узэрыпэщIэт, зэрызыщыпхъумэ хъуну IэзэкIэхэр, гормонхэр Iэпкълъэпкъым и лэжьыгъэм зэрыхэлIыфIыхьыр. Аращи, IэщIагъэ къыхэхынымкIэ зы щхьэгъэузи сыхэтакъым.

Медуниверситетым и еплIанэ курсым «Эндокринологиер» кууэ щызджащ, егъэджакIуэхэр фошыгъу узымрэ щитовиднэ железам и узыфэхэмрэ къызыхэкIым апхуэдизу гурыIуэгъуэрэ дахэу къытхутепсэлъыхьти, эндокринолог умыхъуну Iэмал щыIэтэкъым. Ахэращ гъуэгу къызэзытар.

— Дауэ уи лэжьэгъуэ махуэр зэрыбухуэр, сыт уи къалэнхэм хыхьэр?

— Нэгъабэ лъандэрэ республикэм и эндокринологическэ диспансерым сридохутырщ. Си дежкIэ къэкIуэ сымаджэхэм сащепсалъэкIэ къызохутэ я Iэпкълъэпкъым кIайныкъуэкъур, я узыфэр къыщыхъеямрэ зынэсамрэ, сеIэзэн щIэзмыдзэ щIыкIэ езгъэкIуэкIыну къэпщытэныгъэхэри согъэбелджылы. Амбулаторэм, «Диабет лъэгу» жыхуиIэ пэшым эндокринологым и пщэрылъхэр щызэдызохь. Абы къыхэкIыуи си лэжьэгъуэ пIалъэм сыхущIохьэ узыфэ зытелъ лъэгухэм я лъынтхуэхэм лъыр зэрекIуалIэр сэтей къэсщIынуи, хущхъуэу зрахьэлIэнур къахуистхыкIынуи.

— Уи Iэзэгъуэ хэзныкъуэу къокIуалIэхэм я Iэпкълъэпкъым и щытыкIэм екъэIауэ нэхъыбэрэ зыIэщIагъэкI япэ нэщэнэхэм, фошыгъу узым и щIэдзапIэр блумыгъэкIын папщIэ гу зылъатапхъэхэм къытхутепсэлъыхь...

— Нэхъапэ жыIэпхъэщ фошыгъу узыр лIэужьыгъуитIу зэрыгуэшар. Япэ лIэужьыгъуэр зиIэхэр нэхъыбэу егъэтхьэусыхэ Iур гъущIэу, псыхуэлIэм ихьу, гъутхьэпцIым кърихуэкIыу, шхэрейуэ, Iэпкълъэпкъым и хьэлъагъым хэщIу, къарур щIэкIыу, щIыфэр бжьыбжьу, узыфэ зэрыцIалэхэр щIэх къиубыду, нэм и жанагъым кIэрыхуу къызэрынэм. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэр — цIыхухэм ирахьэкI зыдагъуэр зыхуахьынури ямыщIэу, сымаджэщым къыщIэмыкIыу.

ЦIыхухэм я лажьэр къыщахутэм деж къыщIощ зэпыт я зэхуэдитIым щIигъум зы узыфэ е нэхъыбэ яIэххэу. Къинэмыщlауэ, а псоми къыхохьэж зыми емыщхь нэщэнэхэр къагъуэтауэ: къаруушэным, ешыным, бэгу уз зэрыцIалэхэм, лъакъуэ узхэм, нэгъуэщIхэм епхауэ. А псоми зыщыпхъумэфынущ уи Iэпкълъэпкъым и щытыкIэм зэрызихъуэжар игъуэу дохутырым епIуэтылIэмэ, зэрызыбгъэхъужынумкIэ чэнджэщхэр къеIыпхмэ.

— Фошыгъу узым и япэ, етIуанэ (СД 1/СД 2) лIэужьыгъуэхэм я еIэзэкIэм и бгъэдыхьэкIэхэр сыткIэ зэщхьэщыкIрэ, псоми чэнджэщ зэхуэдэхэр япхьэлIэу идэрэ медицинэм, хьэмэрэ щхьэж къезэгъым елъытауэ щыт?

— СД 1-м нэхъыщхьэу узэреIэзэр инсулинотерапиеращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а узыфэм лъабжьэ хуэхъур инсулин зэрыхуримыкъуащ. СД 2-м еIэзэныр пкъыгъуэ зыбжанэу кIэрыхуу къызэрынэм. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэр — цIыхухэм ирахьэкI зыдагъуэр зыхуахьынури ямыщIэу, сымаджэщым къыщIэмыкIыу.

ЦIыхухэм я лажьэр къыщахутэм деж къыщIощ зэпыт я зэхуэдитIым щIигъум зы узыфэ е нэхъыбэ яIэххэу. Къинэмыщlауэ, а псоми къыхохьэж зыми емыщхь нэщэнэхэр къагъуэтауэ: къаруушэным, ешыным, бэгу уз зэрыцIалэхэм, лъакъуэ узхэм, нэгъуэщIхэм епхауэ. А псоми зыщыпхъумэфынущ уи Iэпкълъэпкъым и щытыкIэм зэрызихъуэжар игъуэу дохутырым епIуэтылIэмэ, зэрызыбгъэхъужынумкIэ чэнджэщхэр къеIыпхмэ.

— Фошыгъу узым и япэ, етIуанэ (СД 1/СД 2) лIэужьыгъуэхэм я еIэзэкIэм и бгъэдыхьэкIэхэр сыткIэ зэщхьэщыкIрэ, псоми чэнджэщ зэхуэдэхэр япхьэлIэу идэрэ медицинэм, хьэмэрэ щхьэж къезэгъым елъытауэ щыт?

— СД 1-м нэхъыщхьэу узэреIэзэр инсулинотерапиеращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а узыфэм лъабжьэ хуэхъур инсулин зэрыхуримыкъуащ. СД 2-м еIэзэныр пкъыгъуэ зыбжанэ кIэрыхуу къызэрынэм. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэр — цIыхухэм ирахьэкI зыдагъуэр зыхуахьынури ямыщIэу, сымаджэщым къыщIэмыкIыу.

ЦIыхухэм я лажьэр къыщахутэм деж къыщIощ зэпыт я зэхуэдитIым щIигъум зы узыфэ е нэхъыбэ яIэххэу. Къинэмыщlауэ, а псоми къыхохьэж зыми емыщхь нэщэнэхэр къагъуэтауэ: къаруушэным, ешыным, бэгу уз зэрыцIалэхэм, лъакъуэ узхэм, нэгъуэщIхэм епхауэ. А псоми зыщыпхъумэфынущ уи Iэпкълъэпкъым и щытыкIэм зэрызихъуэжар игъуэу дохутырым епIуэтылIэмэ, зэрызыбгъэхъужынумкIэ чэнджэщхэр къеIыпхмэ.

— Пшхымрэ уи Iэпкълъэпкъыр зэрыбгъэлажьэмрэ ялъыта фошыгъу узыр зэрекIуэкIыр? Арамэ, дауэ икIи сыткIэ?

— Шэчыншэу! Щэр, нэхъыбэу псэущхьэхэм я лым кIытекIаращ зи гугъу сщIыр, углевод къызэрыгуэкIхэр, клетчаткэ зыхэлъ ерыскъыхэкIхэр, ирикъуу къэуат зыщIэлъ шхыныгъуэхэр зыIугъэхуэныр, Iэпкълъэпкъыр псыхьыным дакъикъэ 30 мынэхъ мащIэ тегъэкIуэдэныр (псынщIэу къэкIухьыныр, псым есыныр, лъакъуэрыгъажэкIэ къэжыхьыныр, къэфэныр) хуабжьу щхьэпэщ гликемием укIэлъыплъыныкIэ, уи Iэпкълъэпкъым и хьэлъагъыр хэгъэщIынымкIэ, уи лыпцIэри, тхьэмщIыгъури, щэуэ птелъри инсулиныншэу бгъэпсэунымкIэ икIи уи пшэрагъым къригъэпща ныбэр ихьэжынымкIэ, уи гу-лъынтхуэр тыншу къэлэжьэжынымкIэ.

— Къэрэшей-Черкесым эндокринологиемкIэ и диспансерым щыщIэтхахэр инэхъыбэм сыт нэхъ гугъу езыгъэхьыр лэжьапIэ щыщIыIэкIэ, гъуэгу щытехьэкIэ е, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм я ягъэкIэ, щызэгуэпкIэ? ИкIи дауэ ахэр абыхэм зэрапэлъэщыр?

— Диспансерым къакIуэ дэтхэнэ зыри махуэ къэс лъэпощхьэпо куэдым хуозэ: глюкозэр здынэсыр зэпымыууэ къэпщытэным, шхэныр гъэмэщIэным, фошыгъур езыгъэх хущхъуэхэм ефэным, инсулиныр зыхэлъхьэным, лэжьэнымрэ еджэнымрэ пыщIа гугъуехьхэр зэпэлъытыным (глюкозэр игъуэу къипщыфуи, инсулиныр игъуэу зыхилъхьэфуи), спортым щетам дежи — ишхынымрэ и Iэпкълъэпкъыр жыджэру зэрипсыхьыну щIыкIэмрэ нэхъ пасэу зэгъэзэхуэным, лъым и глюкозэм зихъуэжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм гу лъытэным яхуэзгъэзауэ.

Уи гъащIэр махуэ къэс тэрэзу зэрыббзыхум, иджырей технологие, медицинэ лъэкIыныгъэхэр къызэрыбгъэщхьэпэм, уи гъунэгъужэрэгъухэр къызэрыппыкъуэкIым елъытащ фошыгъу узым къыхэкI гугъуехьхэм я куэдагъыр зыхуэдэнур. Пшхыр къозэгъыу щытын папщIэ, узыр къыптемыхьэлъапэ щIыкIэ эндокринологым зыхуэбгъазэу уи Iэнэм тебгъэувэ хъуну шхыныгъуэхэр ебгъэтхмэ нэхъыфIщ. Зэгуэпынымрэ гузэвэнымрэ уапэлъэщыфынукъым уи жеин иримыкъуауэ, фIыуэ плъагъу дерсхэм зэман къыхуумыгъуэтауэ, уи зэшыр къызыхэкIым теухуауэ уи дохутырым удэмыпсэлъауэ е, Iуэхур хэкIыпIэншэ хъуамэ, психологым зыхуумыгъэзауэ.

Лэжьапlэм деж нэхъ гъунэгъуу къыппыщIам къоузыр щыбущэху хъунукъым. ИкIи абыхэм Iэгъуэу щагъэлъапхъэщ узыхуеину Iэмэпсымэхэмрэ углевод псынщIэхэмрэ, узрагъэфэн псы къабзэрэ узрагъэдзэкъэн ерыскъы гуэррэ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжыр — глюкозэр здынэсар загъуэ-загъуэкIэрэ уэ къэпщытэн зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэнращ. ЗекIуэ уемыжьэу, спортым ухэмыту пхуэмыхьрэ, ахэри шынагъуэншэу къызэбгъэпэщыфынущ пшхымрэ къызэрыпкIухь дакъикъэ бжыгъэмрэ пасэу зэбгъэзахуэмэ, хущхъуэхэмрэ медицинэ пкъыгъуэхэмрэ здэпхьэжьэмэ, гипогликемие къыщыхъукIэ, углевод псынщIэхэр зэпхьэлIэмэ, уи Iэпкълъэпкъыр къызэщIэбгъэплъа, уи къэкIухьыныр ирикъуа нэужьи, дохутырым зэрыпхуитхам хуэдэу, инсулиныр адэкIэ здэпхъумэнум уегупсысмэ.

Фошыгъу уз зиIэу псэум — и глюкозэр здынэсар къипщытэн, дохутырым и чэнджэщхэр игъэзэщIэн зэрыхуей закъуэракъым зэгупсысыпхъэр. АтIэ абы увыIэгъуэ имыIэу и зэмани и къаруи триухуэн хуейщ и узыншагъэмрэ и психологическэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ.

— Иджыпсту диагноз зыхуагъэувагъащIэм сыткIэ къыщIидзэмэ, хэт зыхуигъазэмэ нэхъыфI, япэ тхьэмахуэхэм сыт и Iэмал абы?

— Сэ абы чэнджэщу естынут хуэм-хуэмурэ и дуней тетыкIэр ихъуэжын щIидзэну: хущхъуэу хуатхар щIэх-щIэхыу зрихьэлIэну, ишхым кIэлъыплъыну, и Iэпкълъэпкъыр гугъу иримыгъэхыну, иримыгъэзэшыну. Ар эндокринологым жиIэм тетын хуейщ, сыту жыпIэмэ, а дохутырращ и Iуэхур хэмыужьыныхьын папщIэ ищIэн хуейр къыжезыIэфынур. Эндокринологым и чэнджэщхэр Iэпэдэгъэлэл пщIыуэ, уэрэуэру узэIэзэжмэ, уи щхьэм зэранышхуэ къыхуэпхьыным зыри хуэIуакъым.

— Узэрыдохутыр ныбжьыщIэм емылъытауэ, зэбгъэгъуэта IэщIагъэм къызыхуэтыншэу хыбощIыкI, Лилианэ. Тхьэм уи пщэ къыдилъхьэ Iуэхухэм уапэлъэщу, уехъулIэ зэпыту дигъэлъагъу!

Епсэлъар
ЛЫХЬ Тимурщ

Контракт къулыкъу



СТАНЬ ПРИМЕРОМ ПАТРИОТИЗМА И ГОРДОСТИ
для будущих поколений — выбери путь единства, братства и преданного служения Родине

В Карачаево-Черкесии объявлен набор в элитное добровольческое интернациональное подразделение «Домбай».

Подразделение «Домбай» – это особые условия службы по контракту для мужчин от 18 до 55 лет:

- срочный контракт от 6 до 12 месяцев без автоматических продлений;
- единовременные денежные выплаты и достойная заработная плата;
- современное обмундирование;
- статус ветерана и все льготы по окончании контракта;
- сохранение основного рабочего места на период прохождения службы в добровольческом подразделении.

Подразделение «ДОМБАЙ» будет действовать в составе прославленной бригады «ТЕРЕК».

Подробнее по адресу: Штаб общественной поддержки Карачаево-Черкесии, г. Черкесск, ул. Кооперативная 6 (2 этаж) или по тел. 8 918 712 00 23. (Звонки принимаются в будни с 09.00 до 18.00)

Стать частью братства «Домбай» - значит стать частью великой миссии!



Черкес хэку

/vk.ru/cherkes_hakukchr

Черкес хэку

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ:
ДЗЭМЫХЬ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ и къудамэм и редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактор:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтыгъэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. Зэрыщlатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

Фщlэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2800 -щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикkIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIэхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ